

27. Bapakku arep nitih sepur menyang Jakarta.
Yen diubah dadi ukara pitakon (kalimat tanya) dadi
28. Bu Guru rawuh watara jam wolu.
Yen diubah dadi ukara pitakon (kalimat tanya) dadi
29. Daleme guruku cedhak lampu bangjo.
Bangjo saka tembung camboran
30. Kangmasku dedege dhewur ora kaya pamanku.
Dhewur saka tembung camboran

IV. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

31. nitih – Ibu – dhateng – kreta – Semarang
Rakiten tembung kasebut dadi ukara sing bener!
.....
.....
32. Tulisen 2 cara ngirit energi listrik!
.....
.....
.....
33. Ibu tuku gula.
Ukara kasebut owahana dadi basa krama sing bener!
.....
.....
33. Tulisen 2 cara ngeman banyu!
.....
.....
.....
35. Mbak Susi mundhut HP ing Surabaya.
Ubahen dadi ukara pitakon!
.....
.....
.....



ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER I (STS I)
SDN TERUNGWETAN
TAHUN AJARAN 2024/2025

Nama : Mata pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : IV (Empat) Hari / Tanggal :

Gemi Nggunakake Energi

Dina : “Bapak, kula nyuwun TV enggal !
Bapak : “Arep diwenehake ngendi, ndhuk ?”
Dina : “ Wonten kamar, pak .”
Bapak : “Ndhuk, wong ing ruwang tamu wis ana TV kok ndadak nyuwun anyar.”
Dina : “Kula pengin tv pribadi hlo, Pak.”
Bapak : “Dudu perkara kuwi ndhuk.”
Dina : “Hla napa, Pak.”
Bapak : “Yen tvne saya akeh kuwi ndadekake boros listrik. Kamangka saiki kita kudu irit anggane nganggo energi.”
Dina : “Oalah.. Ngoten ta, Pak.”
Dina : “Sanese listrik, napa mawon pak ingkang kedah diirit?.”
Bapak : “Minyak bumi, Ndhuk. Kayata bensin, solar, lan sapiturute.”
Dina : “Inggih, Pak. Kula sampun paham.”
Bapak : “Njur iki sidane kepriye, Ndhuk?.”
Dina : “Bapak, kula mboten sios nyuwun TV mawon yen ngoten.”
Bapak : “Syukur yen awakmu wis paham, Ndhuk.”

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki nganggo jawaban sing bener!

1. Sapa wae paraga ing pacelathon ing dhuwur?
.....
2. Apa wae kang kalebu minyak bumi?
.....
3. Ing ngendi panggonane pacelathon ing dhuwur?
.....
4. Kepriye carane irit energi sajrone pacelathon ing dhuwur?
.....
5. Kena apa wong saiki kudu irit energi?
.....

II. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d minangka wangsulane sing paling bener!


Tansah Nyawiji


dening : Ayundha Salshabilla

Ora preduli aku sapa
Ora preduli kowe sapa
Ora preduli yen kita beda
Amarga kita tansah nyawiji

Nyawiji dadi siji
Aneng lemahing ibu pertiwi
Senadyan kita beda suku
Senadyan kita beda agama
Senadyan kita beda basa
Nanging kita tetep padha
Tansah nyawiji
Ing nagariku Indonesia

6. Apa irah – irahane geguritan ing ndhuwur?
 - a. Ayo Nyawiji
 - b. Nyawiji dadi siji
 - c. Tansah Nyawiji
 - d. Padha Nyawiji
7. Amarga kita . . . nyawiji.
Isi penggalan geguritan ing dhuwur sing trep yaiku
 - a. Nagariku
 - b. beda
 - c. Tansah
 - d. dadi
8. Tembung “Ibu Pertiwi” nduweni arti yaiku
 - a. Desa
 - b. langit
 - c. Bangsa
 - d. kota
9. Lawan tembung “Beda” yaiku . . .
 - a. Seje
 - b. padha
 - c. angel
 - d. gampang
10. Geguritan iku asal saka tembung gurit sing tegese
 - a. Nembang
 - b. sarwa endah
 - c. Tembang
 - d. endah
11. Geguritan ing dhuwur nduweni tema ngenani . . .
 - a. Sekolah
 - b. Persatuan dan Kesatuan
 - c. Lingkungan hidup
 - d. kebersihan lingkungan
12. Nalika maca geguritan sedhih, solah bawa lan polatan kudu. . .
 - a. Seneng
 - b. sedhih
 - c. Bunga
 - d. nangis
13. Busana kang digawe paraga geguritan tema kepahlawan yaiku . . .
 - a. Busana manten
 - b. Busana tentara
 - c. Busana muslim
 - d. Busana jarik

14. Amanat (pesan) puisi “Tansah Nyawiji” ing dhuwur yaiku . . .
a. Ora oleh milih-milih kanca
b. Kekancan karo suku sing padha
c. Tukaran karo suku sing beda
d. Ganggu kanca sing beda agama
15. Saiki alat rumah tangga nganggo setrum listrik, panganggone kudu nirit setrum. Tembung *ngirit* tegese . . .
a. Gemi
b. medhit
c. Sethithik
d. Awet
16. Adhiku durung gelem mangan, jalaran untune lara.
Tembung *mangan* krama lugune
a. Nedhi
b. mangan
c. Nedha
d. Dhahar
17. Tembung kang trep miturut gambar kasebut supaya hemat energi yaiku . . .

a. Ngurupake lampu nalika awan
b. Mateni lampu nalika awan
c. Mateni kipas angin nalika ditinggal metu
d. Ngurupake kipas angin nalika hawane adem
18. Ing ngisor iki sing kalebu kagiyatan hemat energi listrik yaiku . . .
a. Kran banyu ora dipateni sawise digawe
b. Mateni lampu nalika ninggalake ruwangan
c. Kipas angin ora dipateni nalika ninggalake ruwangan
d. Nyalakake TV nanging ora dideleng
19. HP iku alat dudu alat kanggo dolanan.
a. Komunikasi
b. Ngetung
c. Game
d. Nggambar
20. Kebersihan lingkungan kuwi penting tumrap kesehatan mula ... kudu sregep kerja bakti.
a. Pak RT
b. RW
c. Para warga
d. Paguyuban



II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung kang trep!

21. Bu Lik lunga pasar numpak pit motor.
Ukara ing dhuwur basa kramane
22. Tembung “anake” karma inggile yaiku
23. Prilaku sing becik kudu ditindakake, kayata
24. Tembung ”tuku” yen ditulis nganggo aksara jawa dadi
25. Kebonku subur katon ijo
26. Ing taman ditanduri maneka warna kembang katon edi